**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Данилевич, Л. В. Джакомо Пуччини [Текст] / Л. В. Данилевич. - М.: Музыка, 1969 - 454 с.: ил., нота. (Жәҳән музыка классиклери мәденияты).
2. Келдыш, Т. Г. Джакомо Пуччини. 1858-1924 [Текст]: Өмир ҳәм дөретиўшилик очерки: Жас өспиримлер ушын китап / Т. Г. Келдыш. - Л.: Ленинград, 1962 - 88 б.: ил.

**Интернет сайтлары:**

https://ru.wikipedia.org/wiki/Пуччини,_Джакомо
https://www.belcanto.ru/puccini.html

# ЖЫРАЎШЫЛЫҚ ҲӘМ БАҚСЫШЫЛЫҚ МИЛЛИЙ МИЙРАСЫМЫЗ

**К.А.Турдиев -** *доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты*
*Нөкис филиалы «Халық дөретиўшилиги» факультети деканы*

*«Бизиң ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы тарийхымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы бабаларымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын бийбаҳа байлықларымыз бар. Мен исенемен, несип етсе, ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы келешегимиз, уллы әдебиятымыз ҳәм көркем өнеримиз де, әлбетте, болады»*
**Ш.М.Мирзиёев**.

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат, импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.

Ҳәр бир миллеттиң өзине тән руўхый дүньясы, миллий мәденияты, көркем әдебияты, сазы, сәўбети болады. Булардың ҳәр бири өз алдына ғәзийне. Көп жыллық тарийхымызға көз жуўыртып қарағанымызда ең әййемги дәўирлерден баслап-ақ, түркий тиллес халықлар бир-бири менен тығыз байланыста жасап, олардың әдебияты, мәдениятлы, саз-сәўбети бир-бирине жүдә жақын болып келгенлигиниң гүўасы боламыз. Қарақалпақ, өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен халықлары тәрепинен дөретилген оғада терең мазмунлы дәстанлар, әдебий шығармалар, ойынлар, қосықлар, халық намалары ҳ.т.б.лар өзине тән өзгешеликлерге ийе болып, олар усы халықлардың арзыў-әрманларын, мақсет-нийетлерин, үрп-әдет дәстүрлери менен қайғы ҳәм қуўанышларын сәўлелендиреди.

Әсиресе, тарийхы узақ әсирлерге барып тақалатуғын қарақалпақ халқы өзиниң тәкирарланбас мәденияты ҳәм көркем өнери менен басқа халықлардан ажыралып турады. Бизиң эрамыздың биринши әсирине тийисли әжайып мәдений естеликлердиң бири болған «Айыртам»нан Уд әсбабы, «Топырақкала»дан (1946-жылы) «Арфа» шертип турған қыздың тасқа ойылған мүсини ҳәм 1947-жылы және сол жерден дуўтарға уқсас еки тарлы әсбапты услап турған қыздың мүсинин еслететуғын тасқа ойылған фрагментлердиң табылыўы, халқымыздың сол дәўирлерде де үлкен музыка мәдениятына ийе болғанлығынан дерек береди.

Неше әсирлер бойы өз мәдениятын, әдебиятын, көркем өнерин ушығаның қыйқымындай сақлап киятырған халқымыздың бақсышылық, жыраўшылық, қосықшылық, театр, хореография көркем өнерлери, улыўма қарақалпақ миллий көркем өнери ҳәм мәдениятының раўажланыўы, оның бүгин-гидей профессионал дәрежеге жетиўи узақ әсирлерге барып тақалады. Әлбетте, көркем өнер ҳәм мәдениият ҳаққында сөз еткенимизде бул тараўдың қаншелли бай ҳәм қүдиретли күш екенлигин терең түсинемиз. Өйткени, ҳәр бир елдиң даңқын дүньяға танытыўда, ҳәр бир халықтың өзлигин аңлаўында оның миллий мәденияты менен көркем өнери айрықша орын ийелейди.

Биз төменде қарақалпақ мәденияты ҳәм көркем өнериниң ажыралмас бөлеги болған бақсышылық ҳәм жыраўшылық жоллары ҳәм оның бүгинги күндеги хызмети ҳаққында азлы-кем сөз етиўди мақул көрдик.

Халқымызда «Саз бенен сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бияд болғанда барды» деген қанаатлы гәп бар. Саз адамзаттың қанына сиңип кеткен ажыралмас бөлеги, адамзат жанының демеўшиси. Қарақалпақ халқы өзиниң бай фольклорына ийе болып, оннан халық қосықларының әлўан түрлери орын алған. Халық өзиниң ишки сезимлерин тек нама арқалы ғана емес, ал нама менен тексттиң бирикпеси болған қосықлар арқалы ҳәр тәреплеме жеткерип бере алған. Қарақалпақ халық қосықлары әўладтан-әўладқа, атадан-балаға дегендей, шәкиртлер устаз қуўып, устаздан шәкиртке өтиў жолы менен бизиң заманымызға жетип келген. Халық баҳасыз дөретиўшиликти сақлап қалмайды. Өйткени, халық алтын излеўши, ол көплеген жыллар даўамында ең баҳалысын, ең данышпанын таңлап алады, сақлайды ҳәм оны раўажландырады. Әлбетте, халық қосықлары сол халықтың өмирлик ҳәм турмыслық бай тәжирийбесин көрсетеди. Оның мазмунында халқымыздың миллий руўхыйлығы, жоқары адамгершилик пазыйлетлери ҳәм көркем философиялық руўхыяты өз сәўлелениўин тапқан. Халықтың әдебияты ҳәм көркем өнериниң раўажланыўында атқарыўшылардың үлеси айрықша. Олар өзлериниң келип шығыў тарийхына қарай жыраўлар, бақсылар ҳәм қыссаханлар болып үлкен үш тараўға бөлинеди. Жыраўшылық бизге атадан-балаға өтип киятырған кийели өнер саналады. Олардың атқарыў шеберлиги, әсиресе, олардың тамақты қырып айтыўы менен басқа халықлардан ажыралып турады. Қарақалпақ жыраўлары тәрепинен жырланған қаҳарманлық дәстанларында елди жаўлардан қорғаў, ўатанға садықлық, сүйген ярға опадарлық, бир-биреўге меҳир-мүриўбетли болыўдай адамгершилик пазыйлетлер жырланады.

“Қарақалпақ жыраўы — аўызеки түрде қәлиплескен халқымыздың әййемги дәўирден бери жыйнап әкелген руўхый мәдениятын, ақыл-ой, философиясын бизге жеткизген өнер ийеси. Бир неше мыңжыллық тарийхый, социаллық-жәмийетлик ўақыяларды сөз ҳәм нама арқалы жеткизген өзгеше миллий өнер”,- деп жазады белгили профессор С.Баҳадырова өзиниң “Қарақалпақ қандай халық” атлы китабында. Шынында да, халқымызда жыраўларға айрықша ҳүрмет көрсетилип, олар мудамы халық ардағында болған. Өйткени, оларда илаҳийда талант болып, өз дәўиринде жыраўлар патша сарайында, патшаның кеңесгөйи, исенген адамы болған. Жыраўлар патша сиясатын халыққа жеткеретуғын сиясатшы болып, урысқа атланған әскерлерди түрли терме-толғаўлар айтып, оларды руўҳландырып турған. Мәселен, өз дәўиринде атақлы Сопбаслы Сыпыра жыраў Тоқтамыс ханның ең абырайлы кеңесшилериниң бири болады. Академик Әлкей Маргуланның көрсетиуинше, Сопбаслы Сыпыра жыраў, қыпшақ руўынан шыққан, көпти көрген қәрия сыпатында бериледи. Халық аўзындағы аңызларға қарағанда, ол 180 жас жасаған. Сопбаслы Сыпыра жыраўдан бизге шекем жетип келген мийрас оның айырым толғаўлары менен «Едиге» дәстаны болып есапланады. Усы орында айтып өтиў орынлы, “Едиге” дәстаны қаҳарманлық дәстаны болып, бул дәстанды жыраўларымыз жырлағанда тәбият қубылысы өзгерип, қар, жаўын жаўып тәбият та қаҳарманның кеширмелери менен жасайтуғынлығы сыр емес.

Қарақалпақ жыраўшылық өнери арғы бабамыз Қорқыт ата, Сопбаслы Сыпыра жыраўдан саға алып, Қазтуўған, Айтуўар, Доспанбет, Мүйтен, Асан қайғы, Жийренше шешен, Курбанбай жыраў, Жийен жыраў арқалы басланған қарақалпақ жыраўшылық өнери мектеплери Жийемурат жыраў, Қыяс, Өгиз жыраўлар менен Жумабай ҳәм Жақсылық жыраўлардан бүгинги күнге шекем жетип келген.

Тарийхтан мәлим болғанындай, дүнья жүзинде пайда болған дәслепки музыкалық әсбап қобыз болып, оны соққан ҳәм оған қобыз деп ат қойған биринши жыраў Қорқыт ата болады.

Қарақалпақ жыраўшылық мектеби устаз-шәкирт дәстүрлери тийкарында қәлиплесип, атадан-балаға мийрас болып келген. Яғный, жыраўлар өзлерине шәкирт таярлап, өз мектебиниң даўамшылары болған шәкиртлери де устаз дәрежесине жеткеннен соң сол мектептиң даўамшыларын тәрбиялап барған. Мәселен, Сопбаслы Сыпыра жыраўдың мектебин Қазтуўған, Доспанбет, Шалкийиз жыраўлар раўажландырған. Қарақалпақ жыраўлары тәрепинен “Алпамыс”, “Едиге”, “Мәспатша”, “Қырық қыз”, “Қоблан”, “Баҳадыр”, “Шәрьяр”, “Ер Шора”, “Бозуғлан” ҳ.т.б.да батырлық дәстанлар менен терме-толғаўлар миллий саз әсбабымыз болған қобыз арқалы, тамақты қырып айтып жырлап келген.

Мағлыўматларға қарағанда қарақалпақ жыраўларының 130 ға жақын намалары бар болып, олар хәр бир жыраўдың өзине тән атқарыў жолы бойынша атқарылған.

Қарақалпақ музыка көркем өнеринде өзиниң дөретиўшилигиниң байлығы менен ажыралып туратуғын тараў — бақсышылық өнери саналады. Қарақалпақ халқында дуўтар шертип, қосық айтып атқаратуғын өнер ийесиниң бири бақсы, сазенде деп аталады. Қарақалпақларда бақсышылық өнери кеңнен тараған. Бақсылар өзиниң репертуары, шертетуғын сазы, хаўазы бойынша жыраўлардан кескин ажыралып турады. Жыраўлар қобыз бенен жырласа, бақсылар дуўтар шертип қосық айтады. Жыраўды “жырлады” бақсыны ”айтты” дейди, яғный ”жыраў жырлаттық”, ”бақсы айттырдық” деп айтылады.

Қарақалпақ халқының хәр бир той, мереке, бәзими бақсы-сазенделерсиз өтпеген. Олар халықтын қуўанышына-куўаныш, дәртине-шериклес болған. Тойға хабар айттырғанда тойда атақлы Өгиз жыраў яки атақлы Ақымбет бақсы айттырылады деп елге хабар берилген. Жыраўлар терме-толғаўлар, қаҳарманлық дәстанлардан, ал, бақсылар ашықлық дәстанлар менен халық қосықларын шеберлик пенен атқарған. Қарақалпақ тойлары да өзгеше, тамашаға бай. Күндиз палўан гүрестирип, ат шаптырып, ылақ ойнатып, қошқар дүгистирип, қораз урыстырып, түрли қызықлы тамашаларды өткереди. Ал, кеште болса халық қурға жыйналып, бақсы-жыраў тыңлайтуғын болған. Той күни кеште ортаға от жағылып жыраў, бақсының отыратуғын орны таярланып, халық топланып, үлкен қур болған. Әдетте бақсы-жыраўлар қарақалпақтың сән-салтанатлы 12 қанатлы қара үйинде отырып дәстан айтқан. Жыраў-бақсылардың жағымлы даўысын халық таңға шекем уйып тыңлаған. Сондай-ақ, қыз-жигитлер гештеклерде, бақсышылық-жыраўшылық үлгилеринен атқарып, дәсме-дәс айтысқан.

Аламойнақ дуўтар қарақалпақ халқының миллий саз әсбабы болып ғана қоймастан, ол қарақалпақ музыка мәдениятының раўажланыўында тийкарғы рольлердиң бирин атқарған. Аламойнақ дуўтарының халық турмысына сиңисип кеткенлиги соншелли, оны хәр бир қарақалпақ шаңарағынан да табыўға болады. Себеби, ата-бабаларымыздың ырымларына қарағанда дуўтар хәр бир шаңарақта қыстырылып турылыўын жақсылыққа жорыйды. Қарақалпақ халқының аламойнақ дуўтарының халыққа таралғанлығы жөнинде бир қанша болжаўлар менен әпсана, гүрриңлер бар.

Дуўтардың сүйек пенен безелиўи Генжалы уста жасаған дәўирге туўра келеди. Қарақалпақ дуўтарының дәслепки нусқалары, Генжалы устаның әкеси тәрепинен соғылған болып, дуўтар сулыў көриниўи ушын Генжалы уста оның мойнын сүйек пенен қаплап, оған қарақалпақша нағыслар соғады. Соннан қарақалпақ дуўтарлары аламойнақ деп аталып кетеди. Қарақалпақларда дуўтар XV әсирдиң ақыры XVI әсирдиң басларында кеңнен тараған болып, сол дәўирдеги қарақалпақ дуўтарлары еки түрли усылда соғылған. Биринши түри пердесиз болса, екиншиси пердели болған. Халық дуўтардың еки түринен де пайдаланып келген.

Кейинги ўақытлары аламойнақ дуўтардың усталар тәрепинен еки түри ислеп шығылған. Бириншиси қазба, ойма дуўтар, екиншиси қурама, тилме дуўтар деп айтылады. Аламойнақ қазба дуўтар да, қурама дуўтар да, әдетте тут ағашынан исленип, олардың дәстеси ерик яки алма ағашынан исленген. Дуўтардың даўысынан шыққыш болыўы оның үстиндеги қақпағы қәншелли жуқа хәм беккем болыўына байланыслы. Дуўтардың карданы, яғный мойнында сүйектен ойылған қарақалпақ халқының нағыслар түрли түске дөнип миллийлигимизди аңлатып, халқымыздың миллий колоритин өзинде сәўлелендиреди. Дуўтардың дәстесиндеги 13-14-15 перде әййемнен қойдың ишегинен таярланып оратылған хәм ол хромматикалық қурылыста дүзилип, бул дуўтарлар “Шарқана” деп аталған. Бурынлары дуўтардың тарлары жипектен ийрилип тағылатуғын болған. Ал, хәзирде болса дуўтардың тарлары сымнан исленеди.

Атақлы бақсымыз Ақымбет, Ғәрипнияз, Арзы, Қутым, Муўса, Еденбай, Өтеп, Жуманияз, Есщан, Жапақ бақсылардың аламойнақ дуўтар менен атқарған «Ғәрип Ашық», «Юсуп-Ахмет», «Саятхан-Хәмире» дәстанлары менен дуўтар сазларынан “Нар ийдирген”, “Жаман шығанақ”, “Бозатаў”, “Арыўхан”, “Саналы келди”, “Налыш”, “Жети асырым”, “Зарлы қыз”, “Муўса сен яры”, “Алақайыс”, “Ләй-ләй”, “Тарлан”, “Хожа бала”, “Сайқалы налыш”, “Қара жорға” хәм басқа да бир қанша дуўтар сазлары халықтың санасына сиңисип барғанлығын халқымыздың дәстан хәм намалары буған тийкар бола алатуғынлығы мәлим. Мине, буларды бақсы-сазенделер өз саз әсбапларында шертип, халық арасында болып келген.

Атқарыўшылар улыўма қарақалпақ әдебиятында, көркем өнеринде ядыкешлик ҳәм импровизаторлық дәрежеси жағынан оғада күшли өнерпазлар болып есапланады. Олар небир қыйын намалар, мыңлаған дәстан қатарларын ядлап алып, узақ-узақ таңларға созылған кешелерде халқымызға руўхый ләззет бағышлады. Олар актёр жоқта –актёр, сахна жоқта–сахна, солист жоқта-солист ўазыйпасын атқарып, музыка көркем өнери мәдениятын халыққа таратыўшы шеберлери болды.

Қаҳарманлық дәстанларды, терме, толғаўларды жыраўлар жырласа, лирикалық шығармаларды, ашықлық поэма ҳәм дәстанларды бақсылар атқарады. Қарақалпақлар арасынан Ақымбет, Муўса, Еденбай, Шерназар сыяқлы атақлы, шебер бақсылар шығып, бақсышылық көркем өнерин жоқарғы басқышқа көтерген. Қарақалпақ халқы ески көркем өнерди ҳәр тәреплеме үйренип, оннан пайдаланған. Нәтийжеде «Ғәрип ашық», «Юсуп-Ахмет», «Гөруғлы» сыяқлы дәстанлардағы түрли шақаплары қарақалпақ бақсыларының негизги репертуары болып келген.

Бақсылар дәстанды атқарыўды басламастан алдын фольклордағы терме, толғаўлар, ақыл-нәсият қосықларын ҳәм Мақтумқулы, Бердақ, Әжинияздың нәсият, ақыл сөзлеринен баслаған. Қарақалпақ бақсышылық көркем өнери өз мектебине ийе, көплеген шәкиртлердиң уллы устазы Ақымбет бақсыдан басланады. Қарақалпақ бақсыларының атқарыўшылық жоллары басқа халықлардан парықланады. Сол себепли қарақалпақ бақсышылық көркем өнери үлкен еки мектепке бөлинеди: Биринши — Ақымбет бақсы мектеби, екиншиси — Сүйеў бақсы мектеби. Олар өзлери дүзген усы мектеплеринен шәкиртлер таярлаған, соған ылайық намалар дөреткен. Ақымбет мектеби жоллары нағыз қарақалпақ бақсышылық жоллар делинеди. Ал, Сүйеў бақсы Ақымбетке шәкирт түсип, оннан бир қанша намаларды үйренип болған соң, жаңа жолларды пайда еткен. Қарақалпақларда еки мектептиң де бағдарламалары шәкиртлерге теңдей үйретилип киятыр. Ақымбет бақсыға Муўса, Сүйеў, Еденбай, Байнияз, Хожа бала, Досназар солақай ҳәм тағы басқа да бақсылар шәкирт түсип, шебер бақсы болып жетилиседи. Өз нәўбетинде олар да устаз изин даўам етип, халық намаларын жаңадан дөретип, намаларын қосып барады. Солай етип Ақымбет бақсының мектеби күннен-күнге көзге түсип, халық арасында атақ-абыройға ийе болып келген. Турмыста түрли аўыр өткеллер ушырасса да халқымыз миллийлигин, дәстүрин, тилин умытпаған.

Ақымбет бақсының дөреткен намаларының тарийхынан “Ала қайыс”- Хийўаның ханы Мухаммед Раҳим хан қол астындағы еллерде атақлы бақсы, жыраў, сазенделерин шақырып жарыс өткеретуғын болған. Усындай жарыслардын бирине атақлы қарақалпақ бақсысы Ақымбет те барады. Ақымбеттиң сазын, сөзин, ҳаўазын еситкен хан күшли бақсы екенин сезип, кемситиў ушын түрли бәнелер менен сынап, Мақтумқулының баспадан шыққан китабын қазысына берип “алжасса хабар бер” деп буйырады. Ақымбет бақсы бул сынақтан да сүринбей өтеди. Ақымбетке байраққа ала қайыслы ат берип елге қайтарады. Бул ўақыяға арнап Ақымбет қарақалпақтың миллий намасы болған “Ала қайыс” намасын дөретеди.

Елимизге белгили болған уллы устаз бақсы-сазенделер: Есщан Қосполатов, Жапақ Шамуратов, Айтжан Хожалепесов, Қурбанияз бақсы, Шанияз бақсы, Әмет Тарийхов, Генжебай Тилеўмуратов, Кәримбай Тыныбаев, Турғанбай Қурбанов, Ғайратдин Өтемуратов, Аңсатбай Қайратдинов, Меңлибай Пирназаров, Дәўлетнияз бақсы, Қалбай бақсы Қалжанов ҳәм тағы басқа да бақсылар бақсышылық жолларына садық болып, миллий намаларымызды келешек жасларға жеткерип бериўдеги мийнетлери шексиз.

“Қарақалпақ халық дәстанлары, жыраў-бақсылардың сазлы жоллары — бул бизиң миллий музыкамыздың тийкары, тамыры” десек асыра айтқан болмайды. Өйткени, усы халық намаларына, солардың колоритине уқсатып, халық намаларын үлги етип, оларға еликлеп дөретилген шығармалар, әлбетте халыққа сүйикли, қулаққа жағымлы, бәршениң талғамына сай болып туўылады. Бул бақсы-жыраўларымыздың дөретпелери ҳәзирги заман миллий музыка өнеримиздиң тийкары, негизи саналады”,-дейди атақлы композитор Нажимаддин Мухаммеддинов.

Шынында да, биз қарақалпақ жыраўшылық, бақсышылық көркем өнери туўралы еле де көп нәрселерди айтыўымыз мүмкин. Өзиниң 100 томлық бай фольклорына ийе халқымыздың миллий көркем өнери ҳәм мәденияты ғәрезсизлик жылларында еле де кең қулаш жайды. Елимизде атақлы бақсы-жыраўларымыз атына түрли таңлаўлар шөлкемлестирилип, олардың атлары мәңгилестирилди. Миллий өнеримизди дүнья

еллерине танытыў, қарақалпақ миллий мәдениятын, бақсышылық ҳәм жыраўшылық өнерин еле де раўажландырыў мақсетинде шет еллерге гастроль сапарлары шөлкемлестирилди. Талантлы бақсы-жыраўларымыздан: Т.Қәллиев, З.Шерипова, Б.Сырым-бетов, Г.Алламбергенова, Б.Есемуратов, Е.Акимов, Ж.Пиязов, З.Нуратдинов, С.Аяпов ҳ.т.б.лар Германия, Франция, Англия, Қазақстан, Қырғызстан сыяқлы көплеген еллерде миллий көркем өнеримизди таныткып киятыр. Қарақалпақ бақсышылық ҳәм жыраўшылық көркем өнери барған сайын еле де раўажланып бармақта.

1976-жылы Қарақалпақстан халық бақсысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың ийеси, белгили устаз Генжебай Тилеўмуратов тәрепинен Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы жанында "Мухаллес" дуўтаршылар ансамбли шөлкемлестириледи.

Дәслеп бақсылар Г.Тилеўмуратов, Г.Байлепесов, Қ.Досжанов, гиржекши К.Тныбаев ҳәм баламаншы А.Отарбаевлардан дүзилген ансамбль жыллар өткен сайын қатары толысып, миллий көркем өнеримизди раўажландырыўға хызмет етти.

Ҳәзирги күнде бул ансамбль Өзбекстан мәмлекетлик филармониясы Қарақалпақстан Республикасы бөлими қурамында жумыс алып бармақта.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Магауин М.М. «Кобыз и копъе» Издательство «Алма-ата» 1970.// Матёқубов.Б. Достон наволари. Илмий нашр. Тошкент. 2009.
2. Н.Жапаков., К.Мамбетов., К.Султанов., А.Каримов. «Қарақалпақ әдебияты тарийхы». Нөкис. Қаракалпакстан. 1983 ж.
3. Ө.Алеўов. «Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы». Нөкис «Билим» баспасы. 1991ж.
4. Қ.Мақсетов. Сопбаслы Сыпыра жыраў. Журнал. «Әмиўдәрья», 1971, №9
5. М.Мағаўин. Қобыз сарыны. Алматы, «Жазыўшы», 1968.
6. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қарақалпақ дәстанлары» Монография. Нөкис «Билим». 2010ж.
7. Мамбетов К. Полевые записи. Кегейли районы 1965-жылы.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий қўшиқларининг, достонларининг бахши-жировлар томонидан ижро этилиши сўз этилади. Қорақалпоқ фольклори, санъати аждодларимиздан мерос бўлиб келаётган этнофолклорий оғзаки ижод намунаси.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Каракалпакский фольклор, искусство являются образцом устного этнофольклорного творчества, унаследованного от наших предков.

**SUMMARY**. The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors.

## ÓZBEK XALÍQ OYÍNLARÍN SAXNALASTÍRÍWDA BALETMEYSTER SHEBERLIGI

**Yuldasheva Zuxra** – *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** baletmeyster, xoreografiya, kompozitsiya, raqs, sahna, improvizatsiya, ijro, badiiy obraz.

**Ключевые слова:** балетмейстер, хореография, композиция, танец, сцена, импровизация, исполнения, художественный образ.

**Key words:** ballet master, choreography, composition, dance, stage, improvisation, performance, artistic image.

Ózbekstanda jańa ruwxıy-ideologiyalıq baǵıtlardıń qáliplesiwi óz gezeginde, zamanagóy kórkem ónerdiń barlıq tarawlarına nátiyjeli tásir kórsetip, dóretiwshilik izertlewler sheńberin